Lansman atelye sou evalyasyon ak estabilizasyon koleksyon an Ayiti

Pòtoprens, 16 avril 2026.– Anbasad Meksik an Ayiti anonse lansman atelye yo ki rele **“Dyagnostik ak estabilizasyon koleksyon grafik ak dokimantè nan kontèks mize”**, ki ap fèt 16, 17, 23 ak 24 avril 2026. Se ECRO k ap bay fòmasyon sa yo nan lokal UNESCO an Ayiti, pou yon gwoup pwofesyonèl ayisyen ki travay nan jesyon koleksyon atistik.

Inisyativ sa a, Anbasad Meksik lanse li ansanm ak Lekòl Konsèvasyon ak Restorasyon Lwès Meksik (ECRO), Le Centre d’Art ak UNESCO, li gen pou objektif ranfòse kapasite pwofesyonèl nan sektè kiltirèl la nan domèn konsèvasyon, dyagnostik ak jesyon koleksyon dokimantè ak grafik.

Atelye yo reyini galerist ak responsab mize yo, ni an prezans ni an liy, pou fasilite pataj eksperyans epi devlope konpetans teknik pou pwoteksyon patrimwàn kiltirèl la.

Atravè pwojè sa a, Anbasad Meksik reafime angajman li nan koperasyon kiltirèl, pandan li mete a dispozisyon enstitisyon ayisyen yo ekspètiz ak kapasite teknik ECRO, ki se yon referans nasyonal nan domèn prezèvasyon patrimwàn atistik.

48, Rue Métellus, 1er étage, Pétion Ville, Port-au-Prince, 6140, Haïti Tel: +509-2229-1040 embamex.sre.gob.mx/haiti